



**Haitian Creole Edition**  
**Grade 4 Mathematics Test, Book 2**  
**May 5–7, 2010**

**Pwogram Egzamen Eta Nouyòk**  
**Egzamen Matematik**  
**Liv 2**

Ane **4**

**5–7 me 2010**

**Non** \_\_\_\_\_



Developed and published by CTB/McGraw-Hill LLC, a subsidiary of The McGraw-Hill Companies, Inc., 20 Ryan Ranch Road, Monterey, California 93940-5703.  
Copyright © 2010 by the New York State Education Department. All rights reserved. No part of this publication may be reproduced or distributed in any form or by any means, or stored in a database or retrieval system, without the prior written permission of the New York State Education Department.

## TRIK POU FÈ EGZAMEN AN

Men kèk sijasyon pou ede ou bay pi bon rannman:

- Asire ou li avèk atansyon tout enstriksyon ki nan tiliv egzamen an.
- Li chak kesyon avèk atansyon epi reflechi sou repons lan anvan ou ekri repons ou.
- Asire ou montre travay ou lè yo mande ou pou fè sa. Ou ka resevwa yon pati nan kredi a si ou montre travay ou.



Pòtre sa a vle di ou pral sèvi avèk règ ou.



**31**

Lisa kolekte kat bezbòl. Li gen 4.381 kat bezbòl nan koleksyon n lan. Li vann 1.427 nan kat bezbòl yo. Konbyen kat bezbòl Lisa genyen ki rete?

***Montre travay ou.***

***Repons*** \_\_\_\_\_ kat bezbòl

***Kontinye***

Tablo anba a montre kantite biyè pou konsè yo vann pandan de jou.

### BIYÈ POU KONSÈ KI VANN

Jou	Kantite Biyè
Jedi	125
Vandredi	136

Ekri yon fraz nimerik ki konpare kantite biyè yo vann nan jedi avèk kantite biyè yo vann nan vandredi. Sèvi ak  $>$ ,  $<$ , oswa  $=$  nan fraz nimerik.

**Fraz nimerik** \_\_\_\_\_

Deklarasyon anba yo dekri kantite biyè yo vann nan samdi.

Vant biyè nan samdi  $<$  138.

Vant biyè nan samdi  $<$  vant biyè nan vandredi.

Vant biyè nan samdi  $>$  134.

Konbyen biyè yo vann nan samdi?

**Repons** \_\_\_\_\_ biyè

**33**

Thomas achte yon paten a woulèt ki mezire 2 pye nan longè. Ki longè, an **pous**, paten a woulèt la mezire?

***Montre travay ou.***

***Repons*** \_\_\_\_\_ pous

***Kontinye***

**34**

Melissa gen yon kòd ki mezire 84 pye nan longè. L ap koupe l an moso ki mezire 7 pye pou fè kòd pou sote. Konbyen kòd pou sote Melissa ka fè?

***Montre travay ou.***

***Repons*** \_\_\_\_\_ kòd pou sote



**35**

Yon restoran te gen yon total 28 kliyan ki te chita sou 14 tab. Te gen menm kantite kliyan ki te chita sou chak tab. Konplete fraz nimerik anba a ki ka sèvi pou jwenn kantite kliyan ki te chita sou chak tab.

**Fraz nimerik**  $28 \div \underline{\hspace{2cm}} = \underline{\hspace{2cm}}$


Konplete fraz nimerik anba a ki ka sèvi pou **verifye** travay ou.

**Fraz Nimerik**  $\underline{\hspace{2cm}} \times \underline{\hspace{2cm}} = 28$

***Kontinye***

**36**

Shelly te trase figi ki anba a.



Baze sou kantite kote yo, ki non figi a?

**Repons** \_\_\_\_\_

Konbyen ang ki gen nan figi Shelly trase a?

**Repons** \_\_\_\_\_ ang

- 37** Milton pote \$400 pou l al achte nan magazen. Li fè plan pou l depanse  $\frac{1}{5}$  nan lajan n lan pou l achte DVD. Konbyen kòb Milton pral depanse nan DVD yo?

***Montre travay ou.***


***Repons*** \$ \_\_\_\_\_
















***Kontinye***

38

Sharrline fè piktogram anba a pou montre kantite elèv ki nan klas diferan ki mache ale lekòl chak jou.

### ELÈV KI MACHE POU ALE LEKÒL

LEJANN
 = 4 elèv

Ane	Kantite Elèv
1	 
2	   
3	  
4	     

Konplete **tablo** anba a pou montre kantite elèv nan chak klas ki mache pou ale lekòl chak jou.

Asire ou

- mete tit pou tablo a
- mete etikèt nan premye kolòn lan
- plase tout done yo

---

	Kantite Elèv
1	6

Konbyen elèv **anmwens** ki nan Ane 3 ki mache pou ale lekòl pase elèv ki nan Ane 4?

**Repons** \_\_\_\_\_ elèv

***Kontinye***

**Pati A**

Megan ekri yon modèl nimerik. Règ la se pou soustrè 3 nan yon nonb pou jwenn lòt nonb lan. Ekri nonb ki manke yo sou liy yo pou konplete modèl Megan lan anba a.

50, \_\_\_\_\_ , 44, \_\_\_\_\_ , 38, 35

**Pati B**

Joseph ekri modèl nimerik ki anba a.

100, 101, 96, 97, 92, 93, 88, 89,    ?

Ki nonb ki **vini apre** nan modèl nimerik li a?

**Repons** \_\_\_\_\_

Sou liy anba yo, eksplike kouman w jwenn lòt nonb nan modèl nimerik Joseph la.

---



---



---



---



---

**RETE LA**



---

---

Place Student Label Here



**Ane 4**  
**Egzamen Matematik**  
**Liv 2**  
**5–7 me 2010**

**Grade 4**  
**Mathematics Test**  
**Book 2**  
**May 5–7, 2010**

*The McGraw-Hill Companies*

---